# ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ДҮНЬЯ ХАЛЫҚЛАРЫ ФОЛЬКЛОРЫНДА МИФОЛОГИЯЛЫҚ ӘПСАНАЛАРДЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Жуманазарова Гулбадам Досназаровна**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты. Фольклортаныў бөлими 2-курс докторанты*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.14558341

***Аннотация:*** *Мақалада қарақалпақ хәм дүнья халықлар фольклорында мифологиялық әпсаналар бойынша илимпазлардың алып барган илимий изертлеўлери кең баян етилген. Сондай-ақ қарақалпақ хәм дүнья халықлары фольклорындағы мифологиялық әпсаналарыдың әҳмийети, уксаслық тәреплери хәм мазмун-мәниси жарытылған.*

***Тайаныш сөзлер:*** *фольклортаныў, әдебият, жанр, теория, изертлеулер, миф, әпсана.*

Европа халықлары фольклортаныў илиминде мифти фольклордың жанрларының бири, әййемги жәмийетте жасаған адамлардың дүньяны түсиниў жолындағы сада ойлары, динниң қәлиплесиўинде әҳмийетли басқыш, әййемги дәўирдиң философиясы екенлигин айтып оны өз алдына жанр деп қарайды.[1.29 б.] Ҳақыйқатында миф фольклордың басқа жанрларынан бираз өзгеше, оны таза фольклорлық жанр деп есаплаў бираз шынлыққа туўры келмейди. Мифте әййемги адамлардың дүньяға көзқарасы, философиясы, дүнья танымының образлы түрде эпик гүрриңлери. Сонлықтан бир топар илимпазлар мифти фольклордың бир жанры ретинде қарамайды, оны турмыс шынлығын санасыз - көркем суўретлеў усылында сөз ететуғын, оны өз алдына жанр емес, ал әпсаналар, фантастикалық ертеклердиң ишинде жасайтуғын жанр деп қарайды [2.11 б]. Бизиң пикирмизше, миф халық прозасына киретуғын жанр болғаны менен ол өз алдына жанрлық қәсийетлери әпсана, ертек сыяқлы қәлиплеспеген жанрдың түри. Мифтиң қайсы түрин алып қарағанда да ол нәрсениң келип шығыўын түсиндириўде әпсаналық түс алады. Сонлықтан фольклористлердиң биразы (К.Имомов, М.Жураев) мифти әпсана деп қараўы дурыс деп есаплаймыз. Биз алдын миф ҳаққында изертлеў жумысларын жүргизген илимпазлардың пикирине сүйене отырып, мифти биз әпсана жанрының ишинде қараўды мақул деп таптық. Деген менен миф таза түрдеги әпсана емес, оны шығысы мифлик болған «мифлик әпсана» деп атаў дурыс деп ойлаймыз.

Миф ҳаққында орыс илимпазы Лосев өзиниң «Философия, мифология, культура. – М., 1991. » атлы мийнетинде Миф-бул грек сөзи

аңыз, әпсана деген мағананы билдиреди. Миф деп дүнья фольклортаныў илиминде бизиң ата бабаларымыздың дүнья, жаратылыс ҳаққындағы дәслепки класслық жәмийетке шекемги адамның әййемги дәўирдеги философиясы сада ойлаўы десе, екинши топар Е.М.Мелетинский, Б.Н.Путилов, Г.Акромов сыяқлы илимпазлар өз мийнетлеринде әййемги адамлардың өзин қоршаған тәбият ҳаққында көркемлик ойларынан туўылған фольклордың жанры сыпатында изертлеў жумыслары исленди.

Қарақалпақ мифологиялық әпсаналарының жыйналыўы жағынан да қолға алынбады десек болады. Совет ҳүкиметиниң бир тәреплеме алып барған идеологиялық сиясаты нәтийжесинде әсиресе миф жанрына қатты унамсыз тәсирин тийгизди. Атеистлик тәрбия бизиң қудай, пайғамбарлар, бизден тысқары жасайтуғын материаллық дүнья ҳаққында бизиң ата-бабаларымыз айтып келген гүрриңлерин жыйнаўға белгили дәрәжеде қарсы болды. Нәтийжеде миф жанры аз жыйналды және оны өз алдына жанр ретинде сөз етилмеди.

Бизге тили жақын түркий халықлардың, сондай-ақ дүнья халыклары фольклористика илиминде де мифти изертлеў XX әсирдиң 1960-70 жылларында қолға алынды. Миф дегенимиз не, оның басқа жанрлардан қандай жанрлық өзгешеликлери бар деген сораў туўады.

Миф дүньядағы барлық халықлардың аўыз әдебиятында бар жанр. Миф Америка индеецлери, Африка, Океания, Австралия, Қытай, Индия халықларында да жердиң, адамның пайда болыўы ҳаққында айтылған халық аңызлары, улыўма дүнья халықлары мифлери тәбияттың сырын ашыўда сюжети бир-бирине жақын келеди. Ең баслы мифке тийисли жанрлық қәсийетлериниң бири миф дүньяның келип шығыўы ҳаққында адамның фантастикалық ойларын береди.

Адам баласы өзин қоршаған табият ҳаққында оның сырлары, табияттың стихиясы, оның қайдан келип шыққаны, қалай пайда болатуғынлығы жөнинде ойланбай қойыўы мүмкин емес еди. Ол адамның санасы ҳәм тили менен бирге пайда болады. Бул ойлар менен адам баласының санасы оянғаннан баслап жасайды. Бул ойлардың тарийхына неше мыңлаған жыллар болған. Табияттың сырларын өзиниң сада балалық, нәрестелик ойлары менен шешиў, тәбият сырлары ҳаққында неше мыңлаған таласлы тартыслы әңгимелерди тоқыў, бул мифлердиң жанрлық тәбиятына тән нәрсе. Мифтиң ең баслы жанрлық қасийети ол табияттың сырын әййемги ата-бабаларымыз сада ойлаўы менен ашыўды мақсет етеди, сонлықтан онда баслы нәрсе тәбият сырын ашатуғын әңгимениң түйини, яғный сораў турады, сол сораўды әййемги адамлардың сада ойлары менен

шешиў бул жанрдың баслы өзгешеликлериниң бири. Мифтиң әпсана менен байланысы онда обьекттиң болыўы, тарийхый шынлықтың орнына тәбияттың обьектлери ҳаққында көркем сюжетлер, көркем эстетик ойларды эпик планда сөз етеди.

Мифти изертлеген рус илимпазы Е.М.Мелетинский мифлердиң ең әййемги түрин архаикалық мифлер деп алады, оның баслы өзгешелиги етип сөз етип отырған қубылыслардың, заттың пайда болыўын түсиндиреди деп белгилейди.[3. 172 б.] Егер архаикалық мифтиң баслы белгисин усы принцип пенен алсақ, онда қарақалпақ мифлери архаикалық мифлерден туратуғынлығын көремиз. Архаикалық мифлердиң және бир белгиси мифлик ўақыт пенен мифлик сана, мифлик түсиник пенен мифлик ойлаўдын берилиўи «мифлик кодтың» сақланыўы. Ең дәслепки мифлерде жер-адам, космос денелери, табият-адам деген түсиник бериледи. Соңғы дәўирде пайда болған мифлерде жер адам деп берилген түсиник бузылып, оның орнынан жердиң үстинде жасап атырған адамлар ҳаққында, яғный адам табияттан бөлинген түсиник пайда болды. Архаикалық мифлердиң сюжети көркемлик дүньясы жүдә әпиўайы болып келеди.

Қарақалпақ халқының да ата-бабалары әййемги заманлардан бери тәбияттың сырын ашыўды, оның заңларын, тәбият қубылысларының сырын түсиниўге қызығып келген. Мифологиялық әпсаналардың қарақалпақ аўызеки әдебиятының ең бай жанрларының бири болыўы бизиң ата-бабаларымыздың ең әййемги заманларда-ақ дүньяның келип шығыўы, табият стихиясы ҳаққында өзиниң түсинигин берип келгенлигиниң дәлийли. Бул әпсаналар әййемги дәўир аўыз әдебиятының шығармасы болғаны менен ол неше әсирлерди басып өтип бизге жетти. Сонлықтан ол ҳәр бир жәмийеттиң, жәмийетлик қурылыстың талапларына сай өзгерип, жаңарып, умытылып, және туўылыў процесслерин басынан кешириўи табийғый.

Мифти изертлеген қазақ илимпазларының ишинде Ыбыраев Ш. «Қазақтың мифлери менен мифлик әңгимелери» атлы мийнетинде мифти тийкарынан тематикалық жақтан төмендегидей етип бөлистиреди:

1. Аспан денелери ҳаққындағы (космогониялық) мифлер.

2. Адамлардың келип шығыўы ҳаққындағы мифлер (антропогонлық).

3. Ҳайўанатлар менен қуслар, жәнликлердиң, өсимликлердиң келип шығыўы ҳаққындағы мифлер (этиологиялық).

4. Дүньяның ақыйры жөниндеги (эсхатологиялық) мифлер. Бул бөлистириў көпшилик халықлар фольклортаныў илиминде қабыл етилген классик бөлистириў.

Усы бөлистириўдиң ҳәр бири қарақалпақ халық прозасында бай түрине ийе. Соның менен бирге олардың ҳәр биринде жоқ, қарақалпақ аўыз әдебиятында сақланған түрлери де бар.

Қарақалпақ халықының да аўызеки әдебиятында космос денелери ҳаққында мифлик әпсаналары фольклордың ең бай түри болып есапланады. Соның ишинде қарақалпақ аўыз әдебиятында ең әййемги миф – бул космос денелери, космостағы өзгерислер ҳаққындағы мифлик әпсаналары болып есапланады. Космос денелери ҳаққында қарақалпақ мифлери мазмуны, түри жағынан байлығы ҳәм ҳәр түрлилиги менен өзгешеленеди. Бул мифлердиң өзи үш түрге бөлинеди. Күн ҳаққындағы мифлер, буны орыс фольклористлери «солярлық мифлер» деп атайды. Ай ҳаққындағы мифлер – «лунарлық мифлер», Жулдызлар ҳаққындағы мифлер «астралдық мифлер» деп бөлистиреди. [4.11-20 б]. Космос ҳыққындағы мифлерди адам санасының жаңа кәлиплесе баслаған ўақыттағы ойлаўынан туўылған. Бунда күн, ай, жулдызларды бир ўақытта адам болған деп ойлаўында, сонынан оларды күнге, айға айналып кеткенлиги ҳаққында сөз етиледи. Мысалы, Күн менен Ай бир адамнын еки қызы (гейде егиз қыз) болған екен. Күнге шайтан келип Айды жаманлайды. Сеннен Ай сулыўырақ, сен оннан сулыў емессең дейди. Айды қызғанған Күн Айдың бетин барып өзиниң ыссылығы менен күйдирипти. Айдың бетиндеги дақ соннан қалған екен. Соннан бери еки туўысқан бир бирине жақынламайды екен деп айтылады. [5.30 б]

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыда келтирилген фольклортаныўшы илимпазлардың илимий изертлеўлерине қарап, дүнья халықлары фольклортаныў илиминде миф өз алдына жанр деген караслар болса да, ол әпсананың бир түри. Қарақалпақ халық прозасындағы мифлер де, дүнья халықлары фольклортаныўындагы сыяқлы әпсаналардың бир түри екенлиги алымлар тәрепинен изертленген.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Тайлор Э.Б. Первобытная культура. – М., 1989.
2. Имомов К. Генезис и поэтическая транцформация жанров узбекской устной прозы,..
3. Мелетинский. Поэтика мифа., – М., 1976.
4. Мифы народов мира. – М., 1991.
5. Қарақалпақ фольклоры. 77-том. «Миф ҳәм мифлескен әпсаналар». – Нөкис «Илим», 2014.
6. Ыбыраев Ш. Қазақтың мифлери менен мифлик әңгимелери // Қазақтың мифтик әңгимелери. – Алматы, 2001
7. Лосев А. Ф. Философия, мифология, культура. – М., 1991.
8. Стеблин Каменский М.И. Миф. – Л., 1976.
9. Путилов Б.Н. Миф, обряд, песня Новой Гвинеи. – М., 1980.

10. Акромов Г. Мифлогия в узбекском народном творчестве // Автореферат канд.… дисс…... – Баку, 1980.
11. Рахмонов Т.Л. Қадимги мифлар ўзбек фольклори эпик мотивларининг ўзаги сифатида // автореферат канд.. дисс… - Тошкент, 1996.
12. Жўраев М. Ўзбек халқ самовий афсоналарининг тарихий асослари // Афтореферат докт….дисс…. – Тошкент, 1996.
13. Беляев И.А. Шежире. Сказание о Шынгызхане // Протоколы заседаний и сообщений членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока. Вып. 1. – Ашхабад, 1917.
14. Ўалиханов Ш. Шығармалар жыйнағы. Т.1. – Алматы, 1961. – Б. 196.
15. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1977. – Б. 61-71.